



Prensip ak Regleman Pasajè Charlotte County Transit “Byenvini Abò”

Misyon:

- Misyon divizyon Charlotte County Transit (CCT) se pou bay transpò pou piblik nan rejyon Charlotte la an jeneral san danje, bon kalite, pratik, efikas, epi abòdab.

Zòn Sèvice:

- Charlotte County Transit se yon woulib pataje sèvis transpò piblik twotwa ak twotwa ki la pou sèvi piblik la an jeneral nan rejyon Charlotte. Zòn sèvis la genyen ladan li Englewood, Port Charlotte, Punta Gorda, epi zòn ki nan alantou yo.

Orè Sèvis:

- Charlotte County Transit opere soti Lendi pou rive Vandredi depi 6:30 nan maten pou rive 6:00 nan apre midi, epi Samdi soti 9è nan maten pou rive 6è nan apre midi. Jou Samdi a limite Sèlman nan kèk zòn sèvis. Nou pa bay sèvis jou dimanch oswa jou konje nasyonal rejyon Charlotte la rekonèt.

Pri Transpò Piblik nan Charlotte County Transit (Pri pou yon sèl vwayaj)

- SE PRI EGZAT LA KI REKÒMANDE
- Piblik la an Jeneral: \$2.00
- Transpò Defavorize: \$1.00
- Timoun (ki gen pi piti pase 12 lane) epi kap vwayaje ak yon granmoun: GRATIS
- Asistan: GRATIS

Pwogram Transpòtasyon pou Defavorize (TD):

- Pwogram Transpòtasyon pou Defavorize a se pou moun yo ki andikape swa fizikman swa otreman, 60 lane oubyen pi plis, oswa moun ki kalifye pou revni ki ba. Pou aplike pou sèvis Pwogram Transpòtasyon pou Defavorize yo, enprime epi ranpli Aplikasyon Pwogram Transpòtasyon pou Defavorize yo wap jwen sou sit entènèt nou an nan <https://www.charlottecountyfl.gov/services/transportation> oswa rele nan nimewo 941.575.4000 epi mande youn.
- Transpòtasyon pou Defavorize Ombudsman rele nan 800.983.2435.

Rezèvasyon & Orè:

- Pou fè yon rezèvasyon nan Charlotte County Transit voye yon imel nan Transit@charlottecountyfl.gov, oswa itilize aplikasyon Charlotte County a, osinon rele nan 941.575.4000. **Peze 1 pou rezèvasyon, Peze 2 pou anile, oubyen Peze 3 pou retounen bonè.**
- Enfòmasyon ki nesèsè pou rezève yon vwayaj dwe genyen ladan li non pasaje a, kantite pasaje, lè vwayaj la, adrès pou pran pasaje a, adrès kote pasaje a prale a, ak nimewo telefòn.
- Rezèvasyon kapab fèt soti Lendi pou rive Vandredi depi 7è nan maten pou rive 4è nan aprè midi. Lè wap mande sèvis pou jou kap vini an, ou pral fè rezèvasyon an nan jou ki ouvrab anvan jou wap bezwen sèvis la avan lè nan aprè midi. Li rekomande pou ou fè rezèvasyon 96 èd tan davans.
- Orè nou fèt sou baz moun ki vini anvan an, li jwenn sèvis anvan.
- Lè wap pran randevou, souple disposze lèdtan pou tan vwayaj la kèlkeswa distans wap vwayaje a epi lèdtan nan kote w prale a.
- Avize biwo ekspedisyon an si waprive an reta.

Anile ak pa prezante:

- Anilasyon yo dwe rele nan jou anvan vwayaj la, men pa pita anvan lèdtan lè pou yo te pase pran w nan.
- Tout anilasyon ke fèt nan pòt la, osinon mwen pase lèdtan anvan lè pou yo te vin pran w nan, ap konsidere tankou ou pat prezante ditou.
- Lè otobis la rive, si pasaje a pa deja monte chita nan twa (3) minit, chofè a prale, yap make pasaje a pat prezante, epi lap gen pou pran yon lòt randevou pou vwayaj li yo. Genyen modifikasyon rezonab ki ka fèt pou moun ki andikape yo.
- Apre twa anrejistreman pa prezante nan yon randevou nan espas sis (6) mwa ou mwens, pasaje a ap resevwa yon lèt ki sispann sèvis pout trant (30) jou. Si pasaje a kontinye toujou pa prezante nan randevou yo apre yon sispansyon, sa ka debouche sou sispansyon pèmanan nan sèvis yo.

Responsabilite Pasaje yo:

- Charlotte County Transit se yon sèvis transpòtasyon sèvis epi ki pa bay sèvis transpòtasyon an ijans. Pou tout transpòtasyon an ijans, rele Sèvis Medikal Ijans nan rejyon Charlotte la (Charlotte County Emergency Medical Services) oswa rele 9-1-1.
- Pasaje yo dwe pare pou yo pase pran yo omwen kenz (15) minit anvan lè randevou a, epi dispoze omwens kenz (15) minit aprè lè randevou pou yo pase pran w nan, tan pou machin nan rive.
- Pasaje yo responsab pou tout zafè pèsonèl yo ak sa yo sot achte nan makèt; pou rezon sekirite, anyen pa dwe rete nan koulwa machin nan.
- Charlotte County Transit pa responsab pou okenn bagay ki pèdi oswa kase.
- Li entèdi pou pale ak chofè a pandan otobis la an mouvman.
- Pasaje ki malad anpil e ki pa ka pran swen tèt yo dwe akonpanye ak yon asistan oswa yon moun kap ba li swen.
- Pasaje ki dwe vwayaje ak antretyen oksijèn oubyen lòt aparèy medikal yo se sèl responsab pou itilize ekipman yo.
- Pasaje ki gen blesi ki pa kouvri, maladi kontajye, oswa ki gen likid kap soti nan kò yo envolontèman dwe fè lòt aranjman pou transpò.
- Pasaje ki gen mwens pase 12 lane dwe akonpanye ak yon granmoun.
- Pasaje dwe rete chita ak senti sekirite pase nan senti yo pandan machin nan an mouvman.

- Itilize kontrent pou timoun piti epi pliye chèz ak woulèt la pou vwayaj la

Sèvis:

- Chofè yo pa gen dwa pou antre pou antre anndan rezidans oswa nan plas yon biznis.
- Chofè yo pa gen dwa monte eskalye pou al pote oswa kenbe yon pasaje kap lite ak eskalye.
- Chofè yo ka ofri avanbra yo pou soutni yon pasaje.
- Chofè yo pa gen dwa pou leve pasaje yo nan plas kote yo chita oswa nan chèz woulant yo pou mete yo kanpe.
- Chofè yo pa gen dwa bay asistans medikal.
- Chofè yo gen dwa pou refize bay sèvis yo ak nenpòt moun ki sou enfliyans alkòl oswa dwòg, oswa ki itilize move langaj, abizif oubyen menasan. Pale fò, dezobeyisans oswa konpòtman ki pa respektab pa pèmèt sou machin transpò piblik la.
- Chofè yo pa ka depoze yon pasaje nan yon andwa ki pat pwograme nan randevou a. (Se responsabilite pasaje yo pou notifiye ekspedisyon an tout chanjman ki gen nan randevou a anvan vwayaj ki te pwograme a)
- Chofè yo se sèl pèsonèl ki otorize pou operasyon souleve yon chèz woulant
- Chofè yo responsab pou sekirize tout chèz woulant.
- Charlotte County Transit rezève dwa pou refize bay sèvis ak nenpòt pasaje ki pa rive konfòme yo ak Prensip ak Regleman Pasaje yo.

Ekipman:

- Tout machin nan Charlotte County Transit yo konplètman aksesib. Ranp ak asansè nou yo ran li fasil pou monte nan yon chèz woulant, scooter, ak yon walker oswa chèz ak woulèt pou tibebe (pousèt).

Konploman/kòmantè/Sijasyon/Transit Watch:

- Genyen kat sijasyon ki disponib pou soumèt konpliman, kòmantè, ak sijasyon. Souple mete kat sijasyon w nan bwat pri tikè a pandan wap desann machin nan. Ou ka fè kòmantè tou lè ou rele nan 941-833-6296 oswa lè ou voye yon imel pou nou nan Transit@charlottecountyfl.gov
- Si yon bagay sanble pa dwat, fè nou konnen sa nan “Transit Watch” 941.833.6296.

Mèsi paske ou chwazi Charlotte County Transit

Lwa Florida ak Tit VI nan dwa sivil 1964 la kondane diskriminasyon nan: akomodasyon piblik sou ba ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, andikap, oswa kondisyon matrimonial. Moun ki kwè yo te sibi diskriminasyon kont kondisyon sa yo dwe pote plent ak Komisyon Relasyon Imèn nan nan numewo 850.488.7082 or 800.342.8170 (mesaj vokal).